

Modul Basa Sunda

kelas II

semester 2



Disusun oleh Siti Masitoh

Basa Sunda

Maca

Miara Tatangkalan

Yusnia jeung mamahna resep miara tatangkalan. Anu dipelakna téh tangkal anu gancang kaala hasilna. Aya bawang jeung salédri, dipelakna dina émbér butut jeung dina kaléng urut wadah cét témbok. Ari surawung jeung céngék mah dipelakna langsung dina taneuh.

Asalna mah melakna téh ukur dua-tilu tangkal waé. Tangkal bawang daun jeung salédri mani gancang ngalobaan. Nya terus dirintahkeun kana wadah séjén . kitu deui tangkal surawung jeung tangkal céngék, lila-lila mah jadi nambahan loba.

Tangkal bawang daun jeung salédri geus mindeng diala. Ku sabab hadé piara, tatangkalan téh jadina mani marontok. Tangkal céngék buahna meni leubeut, anu geus asak mah bareureum. Lamun keur usum halodo, Yusnia teu poho nyéboran tatangkalan, isuk-isuk jeung pasosoré. Salian ti éta, sok digemuk deuih.

Lamun rék masak, mamahna Yusnia mah tara kungsi meuli bawang atawa salédri. Da cukup ku meunang ngala waé. Kitu deui lamun rék nyambel, céngék na téh menang ngala tina tangkal pelak sorangan.

Rajin ngurus pepelakan téh réa mangpaatna. Henteu ngan ukur resep wungkul, sarta matak jadi bungah. Getol ngurus tatangkalan anu carana téh teu hésé, tapi hasilna ngabantu pisan. Mamahna Yusnia bisa ngirit résiko dapur. Kitu deui ka tatanggana bisa nyieun kahadéan.

Anu pangmindengna dibagikeun ka tatangga mah céngék. Apan dina sakalina ngala téh sok meunang loba, tepi ka saayakan.

Nganggeuskeun kalimah

Angeuskeun kalimah di handap, dumasar kana eusi bacaan!

1. Karesep Yusnia jeung mamahna téh nyata _____
2. Ari nu dipelakna téh tatangkalan anu gancang _____
3. Anu dipelakna dina émbér butut jeung kaléng urut cét nyaéta _____
4. Ari surawung jeung céngék mah dipelakna langsung dina _____
5. Lantaran hadé piara, éta tatangkalan téh mani _____

Basa Sunda

Maca

Hayam Pelung

Kongkorok....., kongkorongok.....

Kadéngé sora hayam mani *lambat*. Jaba tarik deuih sorana téh.

“Hayam pelung anu saha? Boga Irfan?” Jaka nanya waktu keur ulin diburuan imah Iran.

“Anu Bapa, pamasihan ti Mang Candra,” tembal Irfan. “Karék lima poé di dieuna gé. Ngahaja meunang mawa ti Cianjur.”

“Aya sabaraha hiji hayamna?” Jaka nanya deui.

“Aya sajodo, ngan bikangna mah kandangna dipisahkeun,” témbal Irfan.

Hayam pelung anu *jago* buluna beureum. Ari *bikangna* mah hideung. Kandang anu ditempatan ku hayam jagona mah luhur, maké tihang tina awi. Anu matak mun keur kongkorongok téh sorana sok kadéngé ka tempat anu rada jauh.

“Ari parabna sarua jeung hayam biasa?” Jaka nanya deui

“Sarua parabna bakatul meunang ninyuh. Sawaktu-waktu ku bapa sok diparaban belut atawa tomat. Témbal Irfan.

“Tara diadukeun nya hayam pelung mah,” ceuk Héndra.

“Tara atuh. Da barinagé teu meunang nagdukeun hayam mah. Karunya bisi hayamna gering, terus paéh,” omong Jaka.

“Sok diamndian tara?” Héndra nanya.

“Osok. Sarua apan hayam gé awana kudu beresih. Mun geus dimandian, teus dipoyankeun dina karung.” Omong Irfan

“Ari engkéna rék sina *baranahan*?” Jaka nanya.

“Arék atuh. Ngarah jadi loba,” témbal Irfan.

Kamus Alit

Lambat = suaranya terdengar panjang atau lama

Bikang = betina

Jago = jantan

Baranahan = beranak

Ngajawab Pananya

1. Meunang ti mana hayam pelung boga bapana Irfan téh?

.....

2. Kumaha warna bulu hayam nu bikang téh?

.....

3. Kumaha warna bulu hayam nu jago téh?

.....

4. Ari diparabana sok ku naon waé?

.....

5. Naha éta hayam téh maké osok dimandian?

.....

Maca Éndah

Dicontoan heula ku Ibu Bapa Guru.

Pék baca ieu sajak hareupeun kelas, bandungan ku anu séjén!

Hujan



Langit nurunkeun hujan
hujan nyuburkeun lahan
lahan pikeun kahirupan
sakumna mahluk Pangéran

Cihujan maseuhan bumi
diseuseup akar
Tutuwuhan morontok jadi
dagoan sing sabar
Hasil tatanén jadi rejeki
kadé bisi bangkar

Cur hujan
Geura siram

taneuh bareulah

Geura eusian

sumur saraat

Geura palidkeun

kokotor runtah

Cur hujan

tapi ulah jadi banjir

Sing karunya ka abdi

bisi kudu terus ngungsi

Ngajawab Pananya

Sanggeus maca jeung ngabandungan sajak bieu, ayeuna pék ku hidep jawab!

1. Nurunkeun naon langit téh?
2. Kumaha akibatna pikeun lahan?
3. Cihujan téh terus dikumahakeun ku akar?
4. Naon sababna ngadagoan tutuwuhan téh kudu sabar?
5. Lamun aya hujan, sumur bakal kumaha?
6. Naon anu sok dipalidkeun ku cihujan téh?
7. Naon sababna turunna hujan ulah jadi banjir?
8. Ari di tempat hidep kungsi aya banjir?

Nuliskeun Hasil Tina Tatangkalan

1. Tomat jeung jambu



Tatangkalan anu sok diarah buahna nyaéta

2. Malati jeung eros



Tatangkalan anu sok diarah kembangna nyaéta

3. Seureuh jeung salam



Tatangkalan anu sok diarah dauna nyaéta

4. Sampeu jeung hui



Tatangalan anu sok diarah beutina nyaéta

5. Jati jeung mahoni



Tatangalan anu sok diarah kaina nyaéta

Ngalengkepan Kalimah

Pigawé kawas conto dina nomer 1 !

1. Hujan angin

Basa keur hujan angin aya tangkal mahoni runkad.

2. Ombak laut

Ti kajauhan kadéngétingjalegur, matak *keueung*.

3. Angin puyuh

Kamari imah loba nu rungas diamuk ku.....

4. Galengan sawah

Sing ati-ati leumpang dinatéh, bisi labuh.

5. Sirah cai

Kudu dipiara.....téh, sabab dibutuhkeun ku sarérea.

Kamus Alit

Beuti : umbi

Keueung : membuat takut

Angin puyuh: angin puting beliung

Sirah cai : mata air

Pancén Sapopoé

A. Maca Bedas

Kegiatan Poé Ahad



Biasana ari poé Ahad téh Susan jeung Danial sok diajak jalan-jalan ku ibuna jeung ku apana. Tapi poé Ahad ayeuna mah henteu.

"Naha teu jalan-jalan, Pa?" Susan nanya.

"Badé aya tamu," témbal apana.

"Mending urang meresihan buruan, yu," ceuk ibuna.

"Tapi hoyong diburuhan," ceuk Danial.

"Ih, Danial mah geuning nyungkeun diburuhan," ceuk Susan.

Da buruhanana ogé badé ditabungkeun sapalih," omong Danial.

"Muhun, engké ku Ibu diburuhan. Teras engké dipangdamelkeun ager," ceuk ibuna.

"Asik... Ibu badé ngadamel ager," ceuk Danial.

Susan nyapukeun runtah di buruan, terus digundukkeun. Lolobana mah kalakay jambu aér jeung nangka. Runtahna ku Danial disodokan ku pengki, terus diakutan kana wadah runtah di juru buruan tukang.

"Runtah dangdaunan sareng runtah pelastik pisahkeun heula," ceuk Susan.

"Muhun da ieu gé," témbal Danial.

"Botol plastik mah engké sok aya anu mulung. Gundukkeun wé, tuh caket kandang hayam," ceuk Susan.

Teu kungsi lila ogé buruan téh geus lening. Geus kitu mah terus dicébor, ngarah seger. Apan ari keur usum halodo mah buruan téh sok babari ngebul.

"Meresihan kandang hayam mah alim, ah," ceuk Danial.

"Wios ku Apa meresihan kandang hayam," ceuk apana. "Tadi ku Danial tos diparaban?"

"Entos," témbal Danial. "Hayam anu hawuk mah nuju ngendog, tadi kakuping kokotak."

"Muhun. Endogna tong dicandakan, ngarah seueur. Urang sina megar, ngarah baranahan," ceuk apana.

Ngajawab Pananya

Pék ku hidep jawab!

1. Saha anu sok biasa diajak jalan-jalan saban poé Ahad téh?

.....

2. Ari harita naon sababna teu diajak jalan-jalan?

.....

3. Saha anu ngajak meresihan buruan téh?

.....

4. Runtah anu meunang nyapukeun téh terus dikuma- hakeun?

.....

5. Ari anu ceuk Susan kudu dipisahkeun, éta téh naon?

.....

6. Naha maké kudu dipisahkeun heula?

.....

7. Ngarah naon buruan téh maké dicébor?

.....

Basa Sunda

Maca Paguneman

Meresihan Lapang Voli

Isuk-isuk, Héрман geus disampeur ku sobat-sobatna. Iwan, Yoséf, Kania, jeung Burhan.

Héрман: "Rék ka marana ieu téh?"

Burhan : "Apan rék mantuan meresihan lapang voli."

Kania: "Hayu atuh, *gancangkeun!*"

Héрман: "Ari urang rék mantuan naon?"

Iwan : "Loba nu bisa dibantuan ku urang mah."

Kania : "Sasapu jeung ngumpulkeun runtahna."

Yoséf : "Atawa nyabutan *jujukanan*."

Héрман: "Atuh mending maké koréd nyabutan jujukanan mah."

Iwan : "Tah enya, ngarah *babari*. Boga korédna?"

Héрман: "Aya. Urang cokot heula di tukang."

Yoséf : "Sakalian mawa pengki deuih."

Héрман: "Teu boga pengki mah. Anu bogaeun téh Ineu."

Kania : "Tah enya, Ineu gé urang sampeur deuih."

Sanggeus nyampeur Ineu, bring deui ka lapang voli. Didinya geus loba anu keur digarawé, dipingpin ku ketua Karang Taruna. Aya anu ngoméan rambang jeung mageuhan tihangna, aya anu nyieun bangku dadakan tina awi. Ari barudak anu genepan mah tugasna ukur meresihan lapang jeung ngakutan runtahna.

Herman: "Engké mah bakal ramé deui nya di lapang téh."

Ineu : "Enya. Apan rék aya acara Agustusan."

Iwan : "Ceuk Kang Rudi mah rék aya pertandingan voli."

Kamus Alit

Gancangkeung : cepetan

Jujukutan : rumput

Babari : gampang

Burhan : "Wah, resep atuh. Meureun anu miluanana sakalurahan, nya?"

Kania : "Enya. Anu matak ayeuna lapangna dibébérés heula."

Iwan : "Pasti juarana ti RW urang."

Ineu : "Urang dukung ku saréréa."

Yosef: "Nu penting mah ayeuna urang beresihan heula lapangna."

Kania : "Mun lapangna genaheun mah, urang moal éra ku RW séjén."

Burhan: "Hayu ah sing getol digawéna. Tuh mangkaning geus aya nu mawa konsumsi."

Hérman: "Kudu beuki getol ari aya konsumsi mah."

Saméméh lohor, nu mémérés lapang voli téh *reureuh* heula. Engké soré rék dituluykeun deui, sabab *nyieun* bangku mah tacan anggeus.

Kamus Alit

Reureuh : istirahat

Nyieun : membuat

Nganggeuskeun Kalimah

Anggeuskeun bacaan di handap, dumasar kana paguneman bieu!

1. Barudak anu genepan téh rék mantuan.....
2. Ceuk Kania, anu bisa dipigawé téh nyaéta.....
3. Ari ceuk Yoséf mah aya deui tambahna, nyaéta.....
4. Hérman inditna mawa koréd, sangkan.....
5. Anu meresihan lapang voli téh dipingpin ku.....
6. Éta lapang voli dibebenah heula, sabab.....
7. Ceuk Kania, lamun lapangna genaheun mah.....
8. Ari nu nyebutkeun geus aya nu mawa konsumsi nyaéta.....
9. Anu meresihan lapang voli téh reureuh heula.....
10. Anu rék dituluykeun dipigawé engké soré nyaéta.....

Kamus Alit

Lambat = suaranya terdengar panjang atau lama

Bikang = betina

Jago = jantan

Baranahan = beranak

Ngajawab Pananya

6. Meunang ti mana hayam pelung boga bapana Irfan téh?

.....

7. Kumaha warna bulu hayam nu bikang téh?

.....

8. Kumaha warna bulu hayam nu jago téh?

.....

9. Ari diparabana sok ku naon waé?

.....

10. Naha éta hayam téh maké osok dimandian?

.....